*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 93 (25822)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 30 май — зæрдæвæрæны мæйы 30 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 АХСДЖИАГ ФАРСТА
*Растдæр ма йæ куыд зæгъдзынæ?*

3 ХÆСТЫ АЗÆЛД
*Адæм, уæ фырт уæм дзуры*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Футбол*

Кадджын æмбырд

# Арæнхъахъхъæнджыты профессион бæрæгбонмæ

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО архайдта, Уæрæсейы Ædасдзинады федералон службæйы арæнхъахъхъæнæг дæлхайады 105 азы кадæн цы æмбырд арæзт æрцыд, уым. Службæйы ветерантæ æмæ абоны кусджытæ, стæй сæ кадджын уазджытæ æрбамбырд сты РЦИ-Аланийы Арæнхъахъхъæнæг управленийы бæстыхаймæ.**



Сергей Меняйло йæ арфæйы ныхасы бузныг загъта, паддзахады арæнтæ удуæлдайæ чи хъахъхъæны æмæ бæстæйы æдасдзинадæн аккаг фадæттæ чи аразы, уыцы службæгæнджытæн.

— Сымах уæлдай бæрнон æмæ зын куыст равзæрстат, уæ архайд коммæ ахады паддзахадон арæны æдасдзинадыл. Сæрмагондæй мæ фæбæрæг кæнын фæнды, абоны арæнхъахъхъæнджытæ сæ намысджын фыдæлты кады аккаг кæй сты, хистæр фæлтæртæ сын цы хъæздыг традицитæ ныууагътой, уыдон дарддæр дæр аккаг хуызы кæй æххæст кæнынц, уый. Арæнхъахъхъæнæг службæйы æппæт минæвæрттæн дæр мæ зæрдæ зæгъы фидар æнæниздзинад, сабырдзинад æмæ ног æнтыстдзинæдтæ! Алкæй бинонтæ дæр уæ фарнæй хайджын уæнт, — загъта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг.

Арфæйы ныхæстæ загътой æмбырды иннæ архайджытæ дæр. Уый фæстæ дидинджытæ сæвæрдтой Цæгат Ирыстоны арæнхъахъхъæнджыты цыртдзæвæныл.

Фембæлды архайдтой Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис**, РЦИ-Аланийы сæйраг федералон инспектор **Сергей Гончаров**, республикæйы мидхъуыддæгты министр **Андрей Сергеев**, Цæгат Ирыстоны Арæнхъахъхъæнæг управленийы хицау **Сергей Балакин**, УФ-йы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады РЦИ-Аланийы Сæйраг управленийы хицау **Александр Хоружий** æмæ иннæтæ.

**КАЛМАНТЫ Аслан**

Амалхъомады райрæзтæн

# "Хъуыддаджы Уæрæсе"-йы форум



**Уæрæсейаг амалхъомады бонимæ бастæй Мæскуыйы арæзт æрцыд æхсæнадон организаци "Хъуыддаджы Уæрæсе"-йы форум. Æмбырды архайджытимæ фембæлд Президент Владимир ПУТИН.**

Видеобастдзинады фæрцы форумы архайдта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**.

Форумы архайджыты раз йæ раныхасы Владимир Путин куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй абон Уæрæсейы бизнесы минæвæрттæ, чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомады компанитæ зæрдиаг куыст кæнынц экономикон змæлды. Йæ ныхасмæ гæсгæ, уæрæсейаг амалхъомтæ хъомысджынæй бацахстой, нæ бæстæйæ бирæ ныгуылæйнаг компаниты ацыды фæстæ цы бынæттæ суæгъд сты, уыдон. Æмæ ныридæгæн, Президенты хъуыдымæ гæсгæ, æнтыстджынæй сæхи æвдисынц.

Владимир Путин куыд бафиппайдта, афтæмæй федералон Хицауад фæстаг рæстæг уæлæмхасæн фадæттæ аразы амалхъомадон архайд фæхъомысджындæр кæнынæн. Уыцы куысты уæрæх пайдагонд цæуы, куыд закъонæвæрынадон-административон гæнæнтæй, афтæ паддзахады финансон авналæнтæй дæр. "Амалхъомады дарддæры райрæзтæн ахъазгæнæг мадзæлттæ хъомысджындæр кæндзысты. Уый фæрцы, кæй зæгъын æй хъæуы, хъуамæ фылдæр кæна, къабаз бæстæйы иумæйаг экономикæмæ цы бавæрæн хæссы, уый бæрц дæр", — фæнысан кодта Президент.

Форумы делегаттæ æмæ регионты минæвæрттæ бæлвырд фæндæттæ балæвæрдтой амалхъомадон компаниты архайд фæуæрæхдæр кæныны нысанимæ. Ныр уыцы хъæппæристæм æркæсдзæн Хицауад.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

Фæндагон фæтк

# Æгъдаухалджыты хæдтулгæтæ — иварон фæзмæ

**Фæндагон фæтк фехалыны тыххæй Дзæуджыхъæуы иу бонмæ иварон фæзмæ баласынц 20-30 хæдтулгæйы бæрц.**

**Ахæм нымæцтæ фехъусын кодта муниципалон куыстуат "Спецэкосервис"-ы пресс-службæ.**

**Зындгонд куыд у, афтæмæй йæ хæдтулгæ æнæмбæлгæ бынаты чи ныуадзы, уыцы адæмы транспортон фæрæзтæ ласт æрцæуынц иварон фæзмæ. Æрвылбон горæты уынгтæм цы 7 эвакуаторы рацæуы, уыдон иварон фæзмæ баласынц 30 хæдтулгæйы бæрц.**

**"Спецэкосервис"-ы директоры хæдивæг Хуыгаты Таймуразы ныхасмæ гæсгæ, фæндагон фæтк æппæты фылдæр хæлд æрцæуы Горькийы, Куйбышевы, Байы-фырты, Гыбызы-фырты, Коцойы-фырты æмæ горæты иннæ центрон уынгты.**

*Нæ уацхæссæг*

Нысантæ

# Æнгом æмархайд — паддзахадон корпораци "ДОМ.РФ"-имæ

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барисæн фембæлд уыд паддзахадон корпораци "ДОМ.РФ"-йы минæвæрттимæ. Фембæлды архайджытæ æркастысты корпораци æмæ республикæйы иумæйаг проекттæ царды рауадзынмæ.**

Ныхасы архайдтой Цæгат Ирыстоны профилон ведомствæтæ æмæ арæзтадон компаниты минæвæрттæ дæр.

Фембæлды сæйрагдæр æргом здæхт æрцыд цæрæнуæтты арæзтадмæ, стæй ипотекон æфстæутты системæйы фадæттæй уæрæхдæр пайда кæнынмæ (уымæн ахъаз уыдзæн корпораци "ДОМ.РФ"-йы банчы структурæйы архайд).

— Цæгат Ирыстон абон кусы райрæзты бирæ ахсджиаг проектыл. Уыимæ, зынгæ архайд цæуы арæзтады къабазы. Зæгъæм, республикæйы æппæт районты дæр сæрмагонд пъланты бындурыл арæзт цæуынц вазыгджын социалон инфраструктурæ, цæрæнуæттæ æмæ æндæр объекттæ. Уыимæ, арæзтадон къабазы архайд азæй-азмæ хъомысджындæр кæны. Æхсызгон нын у, уыцы хъуыддаджы нæ фарсмæ корпораци "ДОМ.РФ" кæй æрбалæууыд, уый. Ныридæгæн уал корпорациимæ бацæттæ кодтам цалдæр иумæйаг проекты. Уыдонæн сæ сæйрагдæр — Дзæуджыхъæуы дарддæры райрæзты мастер-пълан. Ацы гæххæтты бæстон бæрæггонд æрцыдысты Цæгат Ирыстоны сæйраг горæты дарддæры рæзты нысантæ æмæ фæндæгтæ. Сæрмагондæй фæбæрæг кæнын хъæуы, мастер-пъланы горæты цæрджыты фæндæттæ дæр хыгъд кæй æрцыдысты, уый, — йæ раныхасы загъта Дзанайты Барис.

Дарддæр "ДОМ.РФ"-йы минæвæрттæ æмбырды архайджытæн бæстон радзырдтой, арæзтады къабазы цы проекттæ æмæ лæггæдтæ æххæст кæнынц, уый тыххæй.

— Не 'рвылбоны архайды мах уæрæх пайда кæнæм ипотекон программæтæй, инфраструктурон облигацитæй, цæттæ кæнæм цæрæнуæттæ æмæ горæтаг æхсæнадон фæзуæтты арæзтад æмæ цалцæджы проекттæ æмæ афтæ дарддæр, — фæбæрæг кодта корпораци "ДОМ.РФ"-йы структурон дæлхайæдтæй иуы директор **Николай Сарокваша.**

"ДОМ.РФ"-йы минæвæрттæ бабæрæг кодтой республикæйы арæзтадон фæзтæ дæр. Уыимæ, дарддæры æмгуыстады нысантыл æрдзырдтой профилон ведомствæты минæвæрттимæ дæр.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Æхсæнад

# Цыбырты Христофоры номарæн фæйнæг

**Профессор, æхсæнадон æмæ наукон кусæг, Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты фыццаг ректор ЦЫБЫРТЫ Христофор кæм цард, уыцы хæдзары къулыл ын байгом кодтой мемориалон фæйнæг.**




Кадджын мадзалмæ æрбамбырд сты ахуыргæндтæ, йæ кæддæры æмкусджытæ, йæ хиуæттæ æмæ æхсæнадон архайджытæ. Дзырдтой дзы, Цыбырты Христофор республикæйы ахуырады райрæзтмæ цы ахадгæ æвæрæн бахаста æмæ цавæр хорз миниуджыты хицау уыд, уыдæттыл.

Христофор райгуырд Хуссар Ирыстоны, Чеселты хъæуы. 1934 азы бацыд ахуыр кæнынмæ Мæскуыйы истори, философи æмæ литературæйы институтмæ историон факультетмæ. 1953 азы æнтыстджынæй бахъахъхъæдта историон наукæты кандидаты диссертаци. 1969 азы Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон педагогон институт паддзахадон университет куыи сси, уæд æй снысан кодтой фыццаг ректорæй.

— Цыбырты Христофор уыд нæ интеллигенцийы хуыздæр минæвæрттæй иу, йе сгуыхтдзинæдтæ ирон адæмы раз сты тынг егъау. Йæ æппæты ахсджиагдæр æнтыстдзинад уый у, æмæ Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты ректор куы уыд, уæд æй рацарæзта Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университетмæ, — загъта историон наукæты доктор **Цыбырты Людвиг.**

Мемориалон фæйнæг саразта УФ-йы сгуыхт нывгæнæг, скульптор **Дзбойты Михал**.



**ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ**

Мæздæджы районæй

# Студенттæн — экскурси

**Хъæууон хæдзарад куыд рæзы æмæ йæ æппæтæй фылдæр цавæр специалисттæ хъæуынц, фæсивæд уыдæттæ цæмæй базоной, уый тыххæй Мæздæджы районы Адæмæн куыстдæттæг центры кусджытæ "Тетцойы-фырт"-ы зæхкусæг-фермерон хæдзарадмæ аграрон-промышленнон техникумы студентты экскурсийæн фадæттæ саразтой.**

"Тетцойы-фырт"-ы хæдзарад хорджын культуртæ тауыны куыст кæй кæны, уый нымайгæйæ, нывыл тыллæг райсынæн хуымтæ æнæмæнг донæй пырх кæнын æмбæлы. Донхорыджы райрæзты программæйы архайæг хæдзарад балхæдта 12 донпырхгæнæн тыхджын ифтонггарзы. Алцы дæр кæд автоматизацигонд у, уæддæр "Тетцойы-фырт"-ы куыст алкæмæн дæр фаг ис.

Фæсивæд хæдзарадмæ кусынмæ цæмæй æрбацæуой, уый тыххæй Адæмæн куыстдæттæг центры минæвæрттæ æмæ фермерон хæдзарады хицау **Тетцойты Азæмæт** амынд хъуыддаджы æмархайдыл баныхас кодтой.

Цæгат Ирыстоны æппæтæй егъаудæртæй иуыл нымад чи у, студенттæ "Тетцойы-фырт"-ы хæдзарады ног кусæнгæрзтæй ифтонггонд уыцы куырой дæр бабæрæг кодтой. Ам кæй уадзынц, фæлхасгæнджытæ уыцы хæрзхъæд ссадæн стыр аргъ кæнынц.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

## Дзырды фарн

*Ныфс æмæ 'хсар хъуаг не сты н' адæм.*

*МАМСЫРАТЫ Дæбе*

**Боныхъæд**

**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **30 майы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **27-32 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **27-29 градусы хъарм.**

**Боны дæргъ — 15,10**

**Хурыскаст** — 04,22
**Хурныгуылд** — 19,32

**Валютæйы аргъ**

**Доллар** — 79,95 ↓
**Евро** — 85,92 ↓

12+

Ахсджиаг фарста

# Растдæр ма йæ куыд зæгъдзынæ?

**Дзуарыхъæуккаг Гæздæнты авд æфсымæры Фыдыбæстæйы Стыр хæсты быдырты сæ цард радтой Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау. Сæ ном æнустæм баззайдзæн канд сæ райгуырæн Ирыстоны, æнæхъæн Уæрæсейы нæ, фæлæ дунейы адæмты зæрдæты.**

Ахæм хабæрттæн рохгæнæн нæй. Суанг ма, Уæрæсейæн йæ ном дæр æнæуынон кæмæн у, Прибалтикæйы уыцы республикæтæй сæ иуы — Латвийы (уым ис æфсымæрты кæстæр — Шамилæн йæ ингæн) йе' нусон бынатмæ хуыздæр цæстæнгас дард цæуы бынæттон адæмы 'рдыгæй, ам, нæхимæ, Ирыстонимæ абаргæйæ.

Æндæр куыд ис бамбарæн мæнæ ахæм хъуыддагæн. 1988 азы Коммунистон партийы Центрон Комитеты нымæрдар Владимир Долгих, йæ куысты фæдыл нæ республикæйы уæвгæйæ, бахаста фæндон: Гæздæнты авд æфсымæры цыртдзæвæны раз номарæн парк ныссадзын. Æрластой Реданты таладонæй рæсугъд æрвхуыз заз бæлæсты талатæ, ныссагътой сæ цыртдзæвæны бакомкоммæ. Чи сæ сагъта, уыдонимæ уыдысты хъæуы хæсты ветерантæ дæр. Азтæ рацыдысты, талатæ байрæзтысты, срæсугъд сты, адæймаджы цæст сæм кæсынæй не 'фсæст.

Фæлæ дын иуахæмы куы райхъуысид хабар, бæлæстæ ныццагътой, зæгъгæ. Цæвиттон, сæ бынат сын цавæрдæр амалхъом лæг балхæдта æмæ дзы цыма фысимуат æви бирæуæладзыгон хæдзар аразынмæ хъавы... Бирæты нæ бауырныдта — уымæн гæнæн куыд ис? Фæлæ, хабар æцæг разынди, хъыгагæн. Хæрз æрæджы сбæрæг кодтам нæ кадджындæр бæрæгбæттæй иу — Цытджын Уæлахизы бон,



æрхъуыды кодтам стыр æрхæндæг æмæ стыр сæрыстырæй, нæ абоны царды сæрвæлтау Фыдыбæстæйы Стыр хæсты быдырты чи баззад, хъазуатон тох чи кодта, уыцы хъæбатырты нæмттæ, сæ сурæттæ аив кондæй дзæвгар рæстæг зындысты Дзæуджыхъæуы бирæ рæтты. Чи ма ис уыцы хæствæллад адæмæй, уыдонæн та зæрдиаг арфæтæ кодтам, æвзонг фæлтæрæн сæ дæнцæгæн хастам... Æмæ дын æппæт уыдæтты фæстæ — ахæм хабар!

Цалдæр боны размæ нæ республикæйы Хицауады æрвылкъуырион æмбырды **Сергей Меняйло** бахæс кодта паддзахадон исбонад æмæ зæххы ахастдзинæдты министр **Тедеты Русланæн**, цæмæй уавæр бæстон раиртаса:

— Зæххы хайы фæдыл æппæт гæххæттытæ дæр бамбырд кæнут æмæ мын сæ æрæвæрут ма разы. Стæй уæд дарддæр уынаффæ кæндзыстæм, — загъта Сергей Меняйло. — **Уыимæ, æппæт бынæттон хиуынаффæйады разамонджыты зæрдыл дæр лæууын кæнын: иу кæнæ иннæ зæххы хай хи исбонады куы уа, уæддæр йæ хицауæн бар нæй, цæмæй дзы араза, цыдæриддæр æй бафæнда, уый. Кæй зæгъын æй хъæуы, ис юридикон фарстатæ, фæлæ ма хъуамæ уой æфсарм æмæ адæймагдзинад дæр...**

Растдæр ма йæ куыд зæгъдзынæ?

**ХÆМЫЦАТЫ Морис**

Энергетикæ

# Хъасты домæнтæ

**Компани "Россети Цæгат Кавказ"-ы филиал "Севкавказэнерго" æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад "Группа компаний "Владикавказское домоуправление"-мæ кæй бавдыста, Цæгат Ирыстоны Арбитражон тæрхондон уыцы хъасты домæнтыл æххæстæй сразы.**




Энергокомпани электрон тыхæй кæй æфсады, уыцы бирæфатерон хæдзæрттæм иумæйаг исбон дарынæн хардзгонд электрон тыхы тыххæй стыр хæстæ кæй сæвзæрдысты, уый нымайгæйæ, энергетиктæ тæрхондонмæ бахъаст кодтой. Хъæстытæм гæсгæ бадомдæуыд 1,3 милуан сомы бæрц фæрæзтæ.

"Владикавказское домоуправление" нымад у Дзæуджыхъæуы къорд бирæфатерон хæдзары коммуналон лæггæдтæ æххæстгæнæгыл. Ацы азы 1 майы амынд куыстуат энергокомпанийæ дардта, æмткæй райсгæйæ, 87,6 милуан сомы.

Ныртæккæ ма Арбитражон тæрхондон "Группа компаний "Владикавказское домоуправление"-йыл арвыста, æмткæй райсгæйæ, 5 милуан сомы бæрц ноджыдæр ма æртæ хъасты куырдиаты.

**Нæ уацхæссæг**

Кусæг фембæлд

# Фæндагон инфраструктурæйы ахсджиаг объекттæ

**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙÆН кусæг фембæлд уыд Фæндæгты федералон агентады разамонæджы хæдивæг Андрей САМАРЬЯНОВИМÆ. Ныхасы архайджытæ се 'ргом аздæхтой республикæйы ахсджиагдæр фæндагон инфраструктурон проекттæм, уыимæ, комкоммæ æркастысты Дзæуджыхъæуы иувæрсты автомобилон фæндаджы арæзтады цыдмæ.**



Профилон ведомствæты минæвæрттæ куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй, цалдæр къæпхæнæй цы фæндаг аразынц, уымæн йæ цæттæдзинад хæццæ кæны 50 процентмæ. Подрядон организациты бæрнон кусджыты ныхасмæ гæсгæ, сæйрагдæр архайд ныртæккæ цæуы ног фæндаджы уадздзагыл 10-æм километрæй 25-æм километры онг. Уыцы бынаты ныртæккæ кусынц 300 адæймаджы æмæ сæрмагонд техникæйы 150 иуæджы.

— Зындгонд куыд у, афтæмæй амынд проекты сæйрагдæр нысан у уæзласæн транспорт Дзæуджыхъæуы иувæрсты ауадзын. Подрядон организацитæ проект æххæст кæнынмæ бавнæлдтой 2021 азы апрелы. Куыд уынæм, афтæмæй дыууæ азмæ нысангонд куыстытæн се 'мбисы бæрц æххæстгонд æрцыд. Уыимæ, куыстыты хæрзхъæддзинадмæ ис иудадзыгон цæстдард, — йæ раныхасы бафиппайдта Цæгат Кавказы автомобилон фæндæгты управленийы хицау **Александр Лукашук.**

— Фæндæгты федералон агентадимæ республикæ кусы цалдæр ахсджиаг инфраструктурон проектыл. Уыдоны нымæцы: Беслæны фæндæгтæ, цымыдисагдæр туристон объекттæм бацæуæнтæ æмæ афтæ дарддæр. Дзæуджыхъæуы иувæрсты фæндаджы арæзтадыл бæстон архайд куыд цæуы, ахæм бæстон фæткыл куыст цæуы иннæ проекттыл дæр. Кæй зæгъын æй хъæуы, æппæт уыцы проекттæ дæр махæн ахсджиаг сты, уымæн æмæ комкоммæ сахаддзысты республикæйы транспортон инфраструктурæйы нывыладыл, æмæ, куыд фæстиуæг — регионы дарддæры райрæзтыл. Æппæт уыцы æууæлтæ хынцгæйæ, мах разыдзинад æвдисæм Фæндæгты федералон агентадимæ æмархайдæй, æппæт фадæттæй бацархайдзыстæм уыцы æмгуыстад ноджыдæр фæхъомысджындæр кæныныл, — фæбæрæг кодта Сергей Меняйло.

Фембæлды кæронбæттæны Сергей Меняйло зæрдиаг арфæ ракодта Андрей Самарьяновæн, республикæйы ахсджиаг проекттæ царды рауадзынмæ йæ цæст бæстон кæй дары, уый тыххæй. Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы Указæй Андрей Самарьяновæн лæвæрд æрцыд РЦИ-Аланийы Кады грамотæ.

Фембæлды архайдтой Цæгат Кавказы автомобилон фæндæгты управленийы хицауы фыццаг хæдивæг **Анзор Зубкаев** æмæ управленийы сæйраг инженер **Виталий Гулаков**, управленийы цæгатирыстойнаг хайады директор **Губаты Чермен**, Цæгат Ирыстоны Транспорт æмæ фæндагон инфраструктурæйы комитеты сæрдар **Солиты Тариэл** æмæ иннæтæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Диспансеризаци

# Медицинон æркаст — Реданты

**Кæд æмæ бон фæлладуадзæн уыд, уæддæр поселок Реданты цæрджытæ хуыцаубоны скодтой диспансеризаци. Сæ фелсырон-акушерон пункты цæугæ медицинон бригадæн уавæртæ скодтой, уыдон кусынц 4-æм поликлиникæйы.**

Поликлиникæйы сæйраг дохтыр **Паркаты Эльдæ** куыд зæгъы, афтæмæй пунктмæ æрбаластой æхсæз дохтыры: травматолог, терапевт, хирург, лор-дохтыр, окулист, невролог. "Адæмæн сæ бон уыд УЗИ, ЭКГ скæнын, хъæугæ анализтæ раттын дæр. Уæдæ нæм ис цæугæ комплекстæ, уым флюорографи æмæ маммографи кармæ гæсгæ кæнынц. Цæуын зын кæмæн у, уыдоны диспансеризацийы бынатмæ æрбаластой", — загъта сæйраг дохтыр.

Медицинон бригадты кусæг балцытæ цæрæнбынæттæм бантыстысты республикæйы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр Тебиаты Сосланы фæдзæхстмæ гæсгæ. Уымæй уæлдай ма министрад сарæзта диспансеризацийы бæрæггæнæнты азы пълан, алы къуыри дæр æм министр лæмбынæг кæсы.



**Тебиаты Сосланы** ныхасмæ гæсгæ, сæйраг хæс у адæмæн афойнадыл æмæ хæрзхъæд медицинон æххуыс бакæнын. "Уый тыххæй пайда кæнæм цæугæ комплекстæй, къухы бафтыдысты национ проект "Æнæниздзинад хъахъхъæнын"-ы руаджы. Хъæутæм цæуыны нысан у адæммæ медицинæ фæхæстæгдæр кæнын. Цæмæй нырыккон ифтонггæрзтыл дæ уавæр раиртасай, уый тыххæй нысангонд бон дæ хæдзарæй афойнадыл рахиз", — фæбæрæг кодта чиновник.

Нæ республикæйæ нырмæ диспансеризаци скодтой 100 мин адæймаджы. Поселок Реданты куыд рабæрæг, афтæмæй цæрджытæ бæрнонæй акастысты дохтырты амынддзинæдтæм. Дохтыртæ ма сын сæ зæрдæтæ балхæдтой дыргътæй, халсартæй æмæ нуазинæгтæй. Ахæм кусæг балцытæ ма медицинон кусджытæ скæндзысты Бæлтæмæ, Цымимæ. Диспансеризацимæ хонынц бынæттон цæрджыты.

Афойнадыл æй скæнгæйæ, дохтыртæ рагацау низтæ рабæрæг кæндзысты. Уæхиуыл, уæ хиуæттыл бамæт кæнут, рацæут диспансеризацимæ. Медицинон цæугæ комплексты рацыды график базонæн ис Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады сайты.

**ДЖИХАТЫ Стэллæ**

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

# Хæсты сывæллæттæ стæм мах

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты зæрдæриссæн азтæ рох никуы уыдзысты, уыцы рæстæг, тухитæгæнгæ йæ сабибонтæ чи æрвыста, уыцы сывæлæттæй. Немыцаг фашисттæ, стонг бирæгътау, æрбалæбурдтой нæ сабырцæрæг горæттæ æмæ хъæутæм, тугуарæн акодта цæрджытыл. Мингай хæстонтæ ацыдысты Райгуырæн зæхх бахъахъхъæнынмæ. Ныууагътой сæ хæдзæрттæ, сæ бинонты, æнахъом сабиты.

Бирæтæ фесты фæцу æмæ ма 'рцуйы фæндаджы хай, нал сæмбæлдысты сæ фыдæлты уæзæгыл.

Удхæссæг знаджы нæмыг ахызт мæ фыды 'фсымæр Дзукъаты Арсакы риуы, 18-аздзыд лæппу æбæрæгæй фесæфт хæсты быдыры. Мæ фыд Вано хъæбатырæй хæцыд знаджы ныхмæ Севастополы æмæ уым уæззау цæф фæцис. Денджызон науы цæф салдæтты æрбаластой Батумы госпиталмæ. Уыцы хабар куы сыхъуыстис хæдзармæ, уæд мæ мад уайтагъд арæвдз æмæ йæм бæрæггæнæг ацыдис уырдæм.

Куы фембæлдысты, уæд мæ фыдæн йæ фыццаг фарст уыд: "Цы дын райгуырдис?" Мæ мад ын фехъусын кодта, чызг сын кæй райгуырдис, уый. Уыцы ноггуырд уыдтæн мæхæдæг.

Мæ фыд Ванойæн йæ хæстон фæндæгтæ дард уыдысты. Фæлæ йе сгуыхтдзинæдты тыххæй никуы ницы дзырдта. Уæззау цæфтæ фæцис æмæ йæ нал акодтой фронтмæ. Йæ хæстон уæлæдарæс куы раивта, уæд иу бон дæр æгуыст никуы уыд.

Фæцис æвирхъау хæст. Гуры районæй нæ рарвыстой ног цæрæнбынæттæм, мæхъæлы зæххытæм. Цардыстæм Хетæгкаты Къостайы районы, Плийы-фырты хъæуы. Зын, уæззау царды уавæрты 1947 азы тифæй фæрынчын нæ мад æмæ амарди. Мах æртæйæ, мæ хо Дуня — фарастаздзыд, æз — фондзаздзыд æмæ нæ кæстæр, афæдздзыд æфсымæр Анзор баззадыстæм сидзæртæй. Сæ цæст нæм дардтой нæ баба Агор, нæ фыдымад Елиса, фыды 'фсымæр Лаврент.

Уыцы рæстæг бирæтæ кодтой мæгуыр, æххормаг цард. Нæ уыд уæлæдарæс, къахыдарæс. Низтæ тых кодтой адæмыл. Фæлæ фæрæзтам зындзинæдтæн.

Фæстæдæр нæ фыд ног ус æрхаста æмæ баистæм авд сывæллоны, фондз хойы æмæ дыууæ 'фсымæры. Хистæрты фарсмæ, нæ бон куыд уыдис, афтæ æнæзивæгæй алы куыст дæр кодтам, суг хъæдæй не 'ккойы хастам, нартхор рувыны афон быдыры куыстыты архайдтам, дон хастам. Баййæфтам стонг бонтæ дæр, æххормагæй алцыдæр адджын вæййы. Хорз æй хъуыды кæнын, æртыккæгæм къласмæ цыдтæн, къахыдарæс нæ уыд, æмæ стыр къалостæ мын нæ фыд мæ къæхтæм телтæй бабаста, афтæмæй уадтæн скъоламæ. Мит дзабыры хъустæм хæццæ кæны, йæ уазал иннæрдæм хизы. Нæ фыды мады конд къуымбил цъындатæ нæ ирвæзын кодтой.

Мæ фыццаг ахуыргæнæг Дзоблаты Фатимæ радыгай сывæллæтты пецмæ хæстæг бадын кодта æмæ-иу бахъарм стæм афтæмæй.

Хæдзары нæм уыдис дурын æмæ-иу мæ хо Фузæ сыхæгтæй куы сылы, куы та æхсыры цъыртт æрбацæйхаста. Мæгуыр цардыстæм, фæлæ не 'гъдау, æфсарм, ирондзинад никуы рох кодтам. Куыд хъомыл кодтам, афтæ ахуырмæ, куыстмæ цыдыстæм. Алкæмæн дæр ис бинонтæ, кæстæртæ.

Хъыгагæн, нæ хо Светæ, нæ уарзон æфсымæр Анзор не 'хсæн нал сты.

Куыд хæсты сывæллон, куыд уæлахизхæссæг фæлтæры фæдон, Анзор йæ фæстаг боны онг стыр аргъ кодта Сталинæн. Иу бон дæр æгуыст никуы уыд, кæмдæриддæр уыд фæзминаг.

Лымæнæй цард хиуæттимæ, хæстæджытимæ, сыхбæстæн лæггад кодта. Хæлар ахастдзинæдтæ йын уыд профессор Хацырты Анзоримæ, йæ хорз сыхаг, фыссæг Хохойты Энверимæ. Аргъ ын кодтой йæ уæздандзинад æмæ ирондзинады тыххæй.

Мах хуызæн хæсты сывæллæттæ цы уавæрты хъомыл кодтой, цы зындзинæдтæ бавзæрстой, уыдон рох кæнæн нæй. Хорз уаид, Хицауад нæм йе 'ргом куы раздахид. Уæздан ныхас дæр зæрдæйæн æхсызгон у.

**ДЗУКЪАТЫ Мисурæт, фæллойы ветеран, Беслæн**

Хабæрттæ районтæй




# Ирон æвзаджы боны кадæн

**Бирæ мадзæлттæ арæзт æрцыд ацы бонты Ирон æвзаг æмæ литературæйы боны фæдыл. Кæстæрæй, хистæрмæ иууылдæр зæрдиагæй архайдтой, цæмæй æвдыст æрцæуа, куыд ахсджиаг у абон ирон æвзаджы хъысмæтыл батыхсын.**



Æрыдоны цыппæрæм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ **Хуыбиаты Гюльнарæ, Томайты Иринæ, Лазарты Татьянæ** æмæ **Æгъуызарты Дианæ** æрвылбон рæзгæ фæлтæрæн уарзын кæнынц нæ мадæлон æвзаг, æххуыс кæнынц нæ цытджын ирон фысджытæ æмæ поэтты сфæлдыстад хуыздæр зонынæн, сæ арф хъуыдытæ æмбарынæн. Æрæджы дæр та мидисджын æмæ рæсугъд бæрæгбон бацæттæ кодтой сæ ахуыргæнинæгтимæ Ирон æвзаг æмæ литературæйы боны кадæн. Фæхуыдтой йæм бирæ кадджын уазджыты.

Скъоладзаутæ æнтыстджынæй æвдыстой сæ арæхстдзинад алыхуызон музыкалон номырты. Чызджытæ бæрæгбон барæсугъд кодтой фæндыры цагъдæй, акафыдысты "Чызджыты кафт" æмæ "Хонгæ кафт".

Сывæллæттæ кастысты нырыккон фысджыты æмдзæвгæтæ ирон æвзаджы тыххæй.

— Скъоладзаутимæ иумæйагæй бацæттæ кодтам Джыккайты Шамилы æмдзæвгæ "Дыууадæс дзырды". Чызджытæ æмæ лæппутæ арæхстджынæй æвдыстой сæ уарзондзинад ирон æвзагмæ. Æмæ мæ уырны, дарддæр дæр кæй архайдзысты нæ мадæлон æвзаг бахъахъхъæныныл, — загъта Хуыбиаты Гюльнарæ.

***Газет "Рухс"***

# Цæр æнусты

**Горæтгæрон район дæр сбæрæг кодта Ирон æвзаг æмæ литературæйы бон. Уый у æппæт Ирыстоны уарзондæр бæрæгбон, нæ мæсыг æмæ фидарæй-фидардæр кæнæд.**




Нæ адæм фæлтæрд сты царды зынты. Знæгтæ нæ цагътой, гæбазгай фæйнæрдæм тыдтой нæ зæхх. Иу адæм ныддихтæ сты хæхты цъассыты, нал уыд паддзахад, фæлæ нын баззад æнусон — мадæлон æвзаг. Уый нæ уромынц хæхтæ æмæ арæнтæ, уый фæрцы зонæм кæрæдзи, нæ фыдæлты. Арфæйы ирон дзырд нæ скодта цардаразæг адæм.

Районы администрацийы културæ æмæ ахуырады управленитæ Культурæйы галуаны бацæттæ кодтой Ирон æвзаджы хорз бæрæгбон. Æрæмбырд дзы бирæ адæм — скъоладзаутæ, рæвдауæндæтты хъомылгæнинæгтæ, ахуыргæнджытæ, ныййарджытæ æмæ æхсæнадон организациты минæвæрттæ.

Сценæйы сæ арæхстдзинад фыццаг равдыстой районы скъолаты кæстæркъласонтæ. Уыдон мадæлон æвзагыл дзырдтой æмдзæвгæтæ, зарыдысты. Уый фæстæ та Октябрыхъæуы 15-æм рæвдауæндоны сабитæ рацыдысты сценæмæ. Зæрдæмæдзæугæ рауад сæ арæхстдзинад.

***Газет "Фидиуæг"***

# Хъомылад — сфæлдыстады фæрцы

**Беслæны фæндзæм рæвдауæндоны кæстæр къорды хъомылгæнджытæ æнгом архайынц сывæллæтты ныййарджытимæ, алыхуызон проекттæ, бæрæгбæттæ бацæттæ кæныныл æрдзурынц. Æрныхас кæнынц, мадæлтæм цы фарстатæ сæвзæры, уыдоныл.**



Арæх скæнынц ныййарджыты æмбырдтæ, мастер-класстæ æмæ алыхуызон бæрæгбæттæ. Тынг æхсызгонæй фæархайынц фоторавдысты, сæ арæхстдзинад кæм февдисынц, уыцы конкурсты. Хъомылгæнджытæ архайынц ныййарджытимæ иумæйагæй. Æрæджы сын скодтой æмбырд, бацæттæ кодтой цымыдисаг хъæзтытæ, психологон уавæртæ. Мадæлтæ æхсызгонæй дзырдтой сæ сабиты тыххæй.

Ныййарджытæ æххуыс кодтой концертон уæлæдарæс бацæттæ кæныны. Хъомылгæнджытæ та бацæттæ кодтой зæрдæмæдзæугæ мадзал.

Ныййарджытæ æмæ хъомылгæнджыты иумæйаг архайд фадат дæтты сæ кæрæдзи хуыздæр æмбарынæн æмæ скъолайы рагагъоммæйы ахуырад уæлдæр æмвæзадмæ сисынæн.

***Газет "Рахизфарсы цард"***

# Æдасдзинады уроктæ

**Мæздæджы районы паддзахадон автоинспекцийы кусджытæ каникултæ райдайыны агъоммæ кæнынц профилактикон куыст скъоладзаутимæ.**



Сывæллætты фæндагон-транспортон фыдбылызтæй бахъахъхъæнын алы хатт дæр у ахсджиаг. Уымæ гæсгæ сывæллæттимæ фембæлдтытæ арæзт цæуынц уый тыххæй, цæмæй фылдæр скъоладзаутæ хъуыды кæной фæндагон æдасдзинадыл. Хъыгагæн, бирæ сывæллæттæ фистæгæй куы фæцæуынц, уæд кæмдæрты сæ фæндаг фæцыбырдæр кæнынц æмæ, гæнæн кæм нæй, уым фæндаджы сæрты ахизынц. Ахæм æмæ ма æндæр бирæ фарстаты тыххæй Мæздæджы районы паддзахадон автоинспекци æрдзырдтой æрæджыйы фæмбæлды Калинины поселочы скъолайы ахуырдзаутимæ.

Кæй зæгъын æй хъæуы, ахæм фембæлдтытæ хорз сты уымæй, цæмæй фæкъаддæр уой фæндагон-транспортон фыдбылызтæ, зонгæ кæнынц сывæллæтты фæндагон уагæвæрдтыл, куыд хъæуы хи дарын фæндагыл æмæ хи хъахъхъæнын, ууыл.

***Газет "Мæздæггаг фидиуæг"***

**Æрмæджытæ бацæттæ кодта ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ**

Хæсты азæлд

МÆХÆМÆТТЫ Ахуырбег

# Адæм, уæ фырт уæм дзуры

## ДОКУМЕНТАЛОН УАЦАУ



**Уыцы хабар æрцыди Дур-Дуры, Ирыстоны колхозтæ аразынмæ куы бавнæлдтой, уæд. Цытджын Октябры социалистон революци æмæ мидбæстон хæсты бонты стыр ныфс чи равдыста æмæ тынг чи ныффæллад, уыцы адæмы фæндыди сæ фидæн фæаивдæр, фæбæллиццагдæр кæнын. Æмæ фидарæй скарстой: колхозтæ мах, бæгуыдæр, хъæуынц, фæлæ ма уыдон æмрæнхъ скъола дæр куы саразæм, уæд уый та — бынтон диссаг.**

**Хъæубæсты нымаддæр лæгтæй дыууæ — хъæусоветы сæрдар Мæхæмæтты Хадзырæт æмæ йæ хæстæгдæр æмцæдисон Гæзæуты Тебо адæмы æрæмбырд кодтой. Хуынд адæм хистæрæй, кæстæрæй, нæлгоймагæй, сылгоймагæй цалдæр рæнхъæй Донгоны былыл, Алардыйы кувæндоны фæзы куы рабадтысты, уæд æмбырд амидингæнджыты зæрдæтæ ныррухс сты. Хъуамæ æртæрхæттæ кодтаиккой сæ дарддæры хъысмæтыл. Дзыллæйы ахастæй бæрæг уыди, фидæны рухс царды сæраппонд кусынмæ цæттæ кæй сты, уый. Уый размæ бон Тебо, Хадзырæт, ноджыдæр цалдæр сæрæны æрбадтысты иумæ æмæ сбæлвырд кодтой æмбырды æркæсинаг фарстатæ. Фарстаты ахсджиагдæрыл банымадтой скъолайы агъуыст аразынмæ бавналын. Ууыл æрдзурын партийы чырæйы уынаффæйæ хæсгонд æрцыди Мæхæмæтты Хадзырæтæн.**

— Мæнæ рæсугъд дзыллæ, фарн уæм бадзурæд, — райдыдта цадæггай Хадзырæт. — Бирæ хъуыддæгтæ нæм æнхъæлмæ кæсы. Абоны онг дæр нæ хъæу Ирыстоны æгады бынаты никуы лæууыди. Нырæй фæстæмæ та ноджы раззагдæр хъуамæ уа. Нæ туг цы революцийыл фæкалдтам, уый хорздзинæдтæй раст спайда кæнын у нæ ахсджиаг хæс, æмæ хъуамæ иунæг лæджы фырт дæр йæ хъарутыл ма бацауæрда. Ног цардарæзты хорздзинæдтæй иу у, алы адæймаг дæр ахуыр кæныны бар кæй райста, уый. Махмæ дæр уыцы бар хауы кæрæй-кæронмæ, æмæ дзы хъуамæ раст спайда кæнæм. Уый тыххæй нæ саразын хъæуы скъолайæн райдзаст агъуыст.

Революци æмæ мидхæсты рæстæг сæ туг æмæ сæ хид чи фæкалдта, уыцы фæллад адæмы зæрдæтæ барухс сты скъолайы коймæ. Чидæртæ хъæлдзæгæй ныхасæппарæн райдыдтой. Йæхи нал баурæдта Дзотты хъиамæтджын æмæ уæздан Алæг дæр:

— Уæдæ уын æз дæр, хорз адæм, мæ фæнд зæгъдзынæн. Скъола нæ тынг æхсызгон хъæуы. Ныхас дæр ыл нæй. Уадз, æмæ нæ сывæллæттæн ахуыры фадат уа. Мах, хистæртæ, талынг æмæ цъындæй кæй баззадыстæм, уый фаг фæуæд. Акæсут-ма, нæ хæдзæрттæ дзаг сты кæстæртæй. Уыдон чиныгыл хæст куы уой, уæд цас æмбаргæ фæсивæд рацæудзæни нæ хъæуæй!

Алæг йæ ныхас куы фæцис, уæд дзæвгар рæстæг ничиуал ницы дзырдта. Хадзырæт æмæ Тебо сæхи мидæг батыхстысты. Алæг сын сæ уаг бамбæрста æмæ та ногæй сыстад:

— Стыр диссаг мæм кæсут, мæ зынаргъ хъæуккæгтæ. Гобиты хуызæн æдзæмæй куыд бадут, гормæттæ? Ацы лæппутæ нæ сæхицæн куы ницы домынц, не 'ппæты тыххæй сæ удæй арт цæгъдынц...Æз мæхи тыххæй комкоммæ зæгъдзынæн. Ис мæм иу къамбец, иу хъуг, иу дыгæрдыг æмæ авд фысы. Скъолайы агъуыстæн, мыййаг, нæхи мидæг æхца æмбырд кæныны зондмæ куы 'рцæуæм, уæд æз мæ фос ныуудæй кæндзынæн. Уый фæстæ та хъуццытæ дæр, къамбецтæ дæр, фыстæ дæр уыдзысты...Лæг куы куса, куы змæла, уæд фос сынтауын æппындæр зын нæу...

Гæзæуты Тебо райста гæххæтты сыф, кърандас æмæ загъта:

— Мах ныртæккæ хъуамæ номхыгъд саразæм, скъолайы агъуысты арæзтады бакусынмæ цæттæ чи у, уыдонæн...

Уыцы ныхæстæм Икъаты Мырзæ хъæрæй ныххудти:

— Цæй-ма, Тебо, дæ гæххæтт бамбæхс...Ницæй номхыгъд дзы хъæуы...Иууылдæр дзы кусдзыстæм...Куыстхъом чи у, уыдонæй иу дæр йæхи иуварс нæ аласдзæн ацы хъуыддагæй...Скъола не 'ппæтæн дæр уыдзæнис иумæйаг, уымæ гæсгæ йæ саразыныл хъуамæ бакусæм иумæ...

— Иууылдæр кусдзыстæм. Иууылдæр! — райхъуыстысты адæмы ныхæстæ.

Тебо гæххæтт æмæ кърандас йæ хæдоны риуы дзыппы нытътъыста: номхыгъд аразыны сæр нал бахъуыдис.

Æмбырды уынаффæмæ гæсгæ Хадзырæт, Тебо, Мырзæ æмæ Æгъуызарты Зауырбег æрвыст æрцыдысты Дзæуджыхъæумæ, Ирыстоны хицауадимæ аныхас кæнынмæ. Горæты æппæты разæй фембæлдысты Терчы зылды Адæмон Комиссарты Советы сæрдар Тогъойты Данелимæ.

— Диссаджы адæм сты ацы дурдуйрæгтæ, — бахъæлдзæг Данелы зæрдæ. — Скъолайы агъуыст саразынмæ уæ ных аразут? Уымæй дæр уæ дыууæуæладзыгон хæдзар бахъуыд! Æмæ цы: цæуылнæ хъуамæ уа уыцы кадджын хъæуы скъолайы стыр агъуыст? Æз ацы фарста сæвæрдзынæн хицауады размæ. Суанг Мæскуымæ цæуын куы бахъæуа, уæд фистæгæй дæр ацæудзынæн.

Уазджытæ цæуынмæ куы хъавыдысты, уæд Данел тагъд-тагъд йæ пъалто акодта:

— Æз дæр уемæ цæуын...Иумæ сихор скæнæм. Истæмæйты уæ хъуамæ фенон...Адæймаг сымахмæ куы бахауы, уæд æй фырцинæй куы фæцæйхæрут...Уæ хъæумæ уазæгимæ фæцæуын стыр ныфсджынæй, стыр сæрыстырæй, уымæн æмæ фæзонын, уазæгæн кад æмæ рад кæй скæндзыстут, уый...

Данел æмæ дурдуйраг æрвыст лæгтæн хæрæндонмæ фæндагыл дæр скъолайы агъуыст саразыны фарста уыдис сæ ныхасы сæр. Иузаман Данел афарста:

— Хæдæгай, æмæ Илас уемæ цæуылнæ рацыд?

— Тынг бирæ куыст ын ис, — дзуапп радта Мæхæмæты-фырт. — Мах æй нæ рауагътам, æнæ дæу дæр Тогъойы-фыртимæ бафидаудзыстæм, зæгъгæ.

Данел æмæ йæ уазджытæ, стæй Хуыдæлты Илас дæр сæ кæрæдзийы хорз зыдтой суанг Октябры революцийæ æмæ мидбæстон хæстæй нырмæ. Дыгуры партизанты стырдæр разамонджытæй иу — Тогъойты номдзыд Данел уыцы тохы бонты хорз базыдта дурдуйрæгты лæгдзинæдтæ. Уæлдай тынгдæр бахæстæг æмæ фæлымæн Хадзырæт æмæ Хуыдæлты Иласимæ.

— Илас директорæй куы куса уыцы ног скъолайы, уæд дзы ахуыр хорз æвæрд уыдзæн, — ныфсхастæй загъта Данел. — Æцæг ахуыргæнæг у, æцæг! Ахæмтæ нын Хуыцау фылдæр куы радтид, уæд нæ кæстæртæ сæ цæсты дзаг ракæсиккой...

Хадзырæт Данелы цонгыл æрхæцыди:

— Нырма скъолайы агъуыст аразын дæр куы нæма райдыдтам, æмæ йæ ды цæттæйыл куы банымадтай. Мах дæр нæ сæнтты афтæ афардæг вæййæм...

— Уыдон сæнттæ не сты, Хадзырæт, — дзуапп радта Данел. — Иумæ куы февналæм, уæд агъуыст тагъд райрæздзæни...Ардыгæй цы хъæуа, уымæй фæкæсынил зæрдиагæй бацархайдзынæн. Сымах та — кусгæ. Уæ лæджыхъæд æмæ уæхæдæг...

Революцийы фæстæ Дур-Дуры сывæллæттæн скъолаты бæстыхæйттæн радтой, раздæр хъæздыг Тугъанты чи уыд, ахæм æртæ хæдзары. Дыууæ — хъæуы сæрмæ, дыргъдæтты рæбын; æртыккаг та — хъæуы астæу. Се 'ппæты дæр рæстмæ фадæттæ уыди, фæлæ, сæ ахуыр кæнын афон кæмæн ралæууыд, уыцы сывæллæттæ сбирæ сты æмæ дзы нал цыдысты. Гъе, æмæ уæд хъæуы цæрджытæ сразæнгард сты ног агъуыст саразынмæ.

Сырх агуыридурæй амад дыууæуæладзыгон агъуыст арæзт фæцис ивгъуыд æнусы дыууынæм азты кæрон хъæуы дыууæ колхозы хардзæй æмæ хъарутæй. Раст зæгъын хъæуы, иуварс нæ лæууыдысты хъæуы цæрджытæ сæхæдæг дæр. Бирæ колхозонтæ сæ фæстаг капеччытæ дæр лæвæрдтой арæзтадæн. Чидæртæ та ма сæ, Дзотты Алæджы бафæзмгæйæ, сæ фос дæр ауæй кодтой. Уый уæлæмхасæн алы куыстхъом адæймаг дæр йæхицæн Хуыцауæй лæвæрд кадджын хæсыл нымадта арæзтады бакусын. Хистæр кълæсты ахуырдзаутæ дæр, сæ бон цас амыдта, уыйас куыстой араздзытимæ. Хорз бамбæрстой зиуы ад: куыддæр-иу сæм хистæртæ фæдзырдтой куыстмæ рацæуынмæ, афтæ-иу сæумæцъыккæй æмгуыппæй арæзтады амбырд сты. Дыргъдæттæг фæткъуы æмæ кæрдо бæлæсты астæу цыбыр рæстæгмæ слæууыди скъолайы агъуыст.

Скъоладзаутæй уæлдай диссагдæр басгуыхти Дзотты Алæджы фырт Лазæры кълæсы бригад. Разамынд ын лæвæрдта Лазæр. Хъæуы 'хсæнад арæзтады раззагдæртæн арфæйы салам куы загъта, уæд Лазæр райста зæрдыл дарынæн цалдæр хорз чиныджы. Стыр цинимæ сæ æрбахаста хæдзармæ æмæ йæхи растыдта йæ ныййарджытæн æмæ йæ уарзон хотæн.

— Лæг дæ, лæг! — йæ хъæлæсы дзаг загъта Алæг. — Уæдæ, уæдæ! Æндæр хуызы уæвæн дæр ын нæй. Дæ хистæртæ, мæ хур, куысты фæсте никуы никæмæй баззадысты.

Уыцы дард заманты хъæубæсты мидæг скъолайы залæй уæрæхдæр æмæ парахатдæр бынат нæ уыд, уымæ гæсгæ адæмæн клубы бæсты дæр цыди. Цыбыр дзырдæй, скъолайы зал сси, хъæуы цæрджытæ-иу иумæ кæм æрбамбырд сты, ахæм хъарм æмæ райдзаст бынат. Ардæм районы центр Чырыстонхъæуæй ласын райдыдтой кинонывтæ æмæ сæ æвдыстой. Дзæуджыхъæуæй-иу рæстæгæй-рæстæгмæ хъæумæ æрцыдысты театрты артисттæ, республикон ансамблы зарæггæнджытæ æмæ кафджытæ. Уыдон се спектаклтæ æмæ концерттæ æвдыстой ацы залы. Цы уыдаид, куыд уыдаид, фæлæ, скъола сси æцæг культурон артдзæст, æмæ хъæуы цæрджытæн сæ цард фæрухсдæр.

Бирæ цымыдисаг мысинæгтæ баст сты скъолаимæ, фæлæ уæддæр æппæты стырдæр цау сси дæсæм кълас каст фæуæвджыты фыццаг къорды бæрæгбон. Хъæуы цæрджытæй хонæг æрвитын никæмæ бахъуыдис: иууылдæр æдцъил-æдмил цины аныгъуылдысты, сæ саг-сур лæппутæ æмæ хурæнгæс чызджытæ царды уæрæх фæндæгтæм кæй рахызтысты, ууыл.

* * *

Хуры цалх фæхæстæгдæр ныгуылæнмæ. Йæ тынтæ, сихорыл куыд сыгътой, афтæ тынг нал æндæвтой. Фæлмæнæй æрттывтой бæрзонд бæлæсты цъуппытыл, хъазыдысты скъолайы агъуысты сырх къултыл. Уыцы рæстæг скъолайы уæрæх кæрт байдзаг хъæлдзæг фæсивæдæй. Кæстæрты цинил бацин кæнынмæ ардæм æрæмбырд сты ахуыргæнджытæ, колхозонтæ, хъæуы кадджын хистæртæ. Спортивон фæзмæ рахастой стъол æмæ йыл сæвæрдтой, хъæуы цы иунæг патефон уыдис, уый. Зæрдæлхæнæг музыкæйы зæлтæ азæлыдысты скъолайы кæрты æмæ хæстæгдæр уынгты.

Æмбырд байгом кодта æмæ дзы фыццаг радзырдта скъолайы директор Хуыдæлты Илас. Бирæ рæсугъд ныхæстæ схауд йæ дзыхæй. Кæронбæттæны загъта:

— Мæ зынаргъ кæстæртæ, сымах хъуамæ хорз æмбарат, скъола фыццаг кастфæуæвæг уæвын кадджын æмæ бæрнон хъуыддаг кæй у, уый. Сымах акодтат фыццаг ауæдз. Акодтат æй рæсугъдæй, æмæ кæддæриддæр уæ цард рæсугъд уæд. Хистæрты зæрдæ уын уый зæгъы.

Директоры фæстæ радзырдтой районы ахуырады хайады сæргълæууæг, хъæусоветы сæрдар Мæхæмæтты Хадзырæт æмæ ныййарджытæй чидæртæ. Хадзырæт æмбырды уæвджытæн бирæ хæларзæрдæ ныхæстæ загъта. Сæрмагондæй бахатыдта:

— Сымах, нæ уарзон хъæбултæ, стыр арфæты аккаг стут, ацы агъуысты арæзтады афтæ хъайтарæй кæй бакуыстат, уый тыххæй...Уæллæгъи, чидæртæ уæ фæллойы сæ ныййарджыты сæ фæстæ фæуагътой. Иухатт нæ районы хицæуттимæ æрбацыдтæн арæзтадмæ, æмæ нæ цæст цæуыл æрлæууыд, уый уын зæгъон?. Мæ хорз сыхаг Дзотты Алæг æмæ йæ фырт Лазæр куыстой фæрсæй-фæрстæм. Бауырнæд уæ, афтæ мæм фæкасти, цыма фырт фыдæй сæрæндæр змæлыди. Алæгæй курæг дæн, цæмæй мыл йæ зæрдæ ма фæхуда. Бузныг зæгъын Лазæрæн æмæ иннæ лæппутæн. Кæйдæр загъдау, чызджытæ дæр хорз архайдтой...

Æппынфæстаг, ралæууыд æппæты кадджындæр æмæ бæрнондæр рæстæг: лæппутæ æмæ чызджытæн радтой цæттæдзинады аттестаттæ.

— Фæсивæд! — фæсидтис Илас, зынаргъ гæххæттытæ лæвæрд куы фæцис, уæд: — Нæ абоны 'мбырд æмæ не стыр цины сæр сымах стут, æмæ сымах дæр исты зæгъут. Ма 'фсæрмы кæнут. Ныртæккæ рабæрæг уыдзæн, чи уæ ныфсджындæр у, уый.

Скъола кастфæуæвджытæ фæджих сты, кæрæдзимæ аивæй бакæс-бакæс кодтой: утæппæт адæмы раз радзурынмæ сæ йæ ныфс ничи хаста. Хадзырæт бадти Лазæры разæй æмæ йæм аивæй разылди:

— Лæппу, дæхиуыл фæхæц æмæ исты радзур. Ма 'фсæрмы кæн...

"Цæй, цы уа, уый уæд", — Лазæр фæныфсджын. Æрдæбон дзы хъæусоветы сæрдар раппæлыди, ныр та йæм бахатыд, цæмæй исты зæгъа, æмæ зына-нæзына йæ къух сдардта. Директор æй ауыдта æмæ йæм йæ сæрæй ацамыдта, размæ рацу, зæгъгæ. Лазæр, сырх хъуымацæй æмбæрзт стъолырдæм цæугæйæ, фыræфсæрмæй йæ фæндаг дæр дзæбæх нæ уыдта; банкъардта, йæ хид кæй ракалд, уый. Даргъ стъолы иу кæрон æрлæууыд. Райдайын æй фæндыди, фæлæ ныхæстæ цыдæр æрбаисты. Хадзырæт, æвæццæгæн, сæ сыхы фæсивæдæй уымæй фылдæр никæй уарзта, рагæй дæр æм хъарм æмæ хæлар цæстæнгас дардта. Ныр ын йæ тыхст куы бамбæрста, уæд æм хъæлдзæгæй сдзырдта:

— Цæй-ма, Алæджы фырт, исты диссæгтæ нын радзур. Иууылдæр дæм тынг лæмбынæг хъусæм.

Лазæр йæ фыдимæ фемдзаст, æмæ йæм уый дæр цæстæй ацамыдта, райдай, зæгъгæ. Æмæ февнæлдта дзурынмæ:

— Абон махæн стыр цины бон у, æмæ мæ фæнды нæ ахуыргæнджытæн арфæйы дзырдтæ зæгъын. Кæд сарæхсон, уæд...Нæ зынаргъ ахуыргæнджытæ, сымах дæс азы дæргъы махæн æрмæст зонындзинæдтæ нæ лæвæрдтат, фæлæ ма нын цæрын дæр амыдтат. Уый тых-





Моему Народу.

В своей службе советскому народу, дерусь до последней капли крови за честь, за свободу, за независимость советской земли. Я верен своей воинской присяге, которую принял перед лицом Великого моего Народа. Считаю себя до последней минуты своей жизни верным сыном народа.

Вперед за Сталина!

Лейтенант Дзотов

хæй — стыр бузныг. Ныр нæ размæ ис алыхуызон фæндæгтæ, æмæ сын мах бацархайдзыстæм сæ бæллиццагдæртæ, сæ хуыздæртæ равзарыныл. Уый нын дзырдтат æмæ дзурут, нæ ахуыргæнджытæ. Уæдæ, нæ ныййарджытæ, сымах дæр афтæ кæй фæнды, уый хорз зонæм иууылдæр. Ныр æрлæудзыстæм дарддæры ахуыры фæндагыл. Бирæтæ нæ, кæй зæгъын æй хъæуы, бацæудзысты институттæм. Уым дарддæр сырæздзыстæм. Мæнæн мæ бон у мæхи тыххæй бæлвырддæр зæгъын. Мæ уынаффæ ахæм у: цæуын педагогон институты историон факультетмæ. Ахуыргæнæджы куыст мæ зæрдæмæ тынг цæуы. Институт каст куы фæуон, уæд нæхи скъоламæ раздæхдзынæн. Бæргæ ма йæ фæндыдис истытæ зæгъын, фæлæ та ныхæстæ цыдæр æрбаисты, æмæ фæсабыр. Йæ сæрыл уæлæмæ схæцыд. Йе 'мбæлтты æрттиваг цæстытæ куы ауыдта, уæд та ногæй фæныфсджын æмæ хъæбæрæй загъта: — Куы бахъæуа, цард нæ куы бадома искуы заман лæджыхъæд равдисын, уæд равдисдзыстæм тых æмæ хъæбатырдзинад. Мæнæ нæ хистæртæ, нæ фыдæлтæ куыддæриддæр сты, мах дæр — афтæ...

Лазæры фыд Алæг уыди хъæубæсты нымаддæр нæлгоймæгтæй иу. Æмбырды бадти фыццаг рæнхъы. Сæрыстырæй хъуыста йæ фыртмæ. Афтæ дзырдарæхст кæй разынд, уымæй йæ зæрдæ барухс. Скъолайы директор æмæ ахуыргæнджытæ-иу дзы хуымæтæджы кæй не 'ппæлыдысты, уый йæм тынгдæр бахъардта. Цинæй байдзаг йæ риу. Сæры зылдысты алыхуызон хъуыдытæ: "Ралæг дæ, мæ хъæбул, ралæг...Æцæг цæттæ лæджы ныхæстæ кæныс...Дæ цæрæнбонтæ бирæ уæнт...Рæсугъд фæндæгтыл мын фæцу..."

Адæмæй куы не 'фсæрмы кодтаид, уæд уыцы ныхæстæ хъæрæй дæр загътаид.

Цалдæр боны фæстæ Лазæр загъта йæ мад æмæ йæ фыдæн, горæтмæ ахуырмæ цæуын афон кæй æрхæццæ, уый. Цæхх æмæ кæрдзыныл рæдау Уæлинкæ æртæ чъирийы скодта йæ лæппуйы номыл. Фыд æрбахуыдта сыхаг нæлгоймæгты. Дзаг фынджы уæлхъус рауагътой бирæ рæсугъд сидтытæ, фæлæ Лазæры зæрдæ æппæты тынгдæр фæцагайдтой Æбаты зæронд Зауырбеджы ныхæстæ:

— Ныр ды, Лазæр, æйтгæнгæ лæг дæ, стыр лæг, — йæ урс рихитæ адаугæйæ, дзырдта Зауырбег. — Скъола каст фæдæ, — уый та стыр хъуыддаг у. Ныр та цæуыс ноджы стырдæр скъолайы бакæсынмæ. Сæнайы хохы цупмæ схизын кæй нæ бафæндид? Фæлæ дæ зæрдыл бадар, мæ къона, цыфæнды бæрзонд къæдзæхмæ дæр схиздзæни, тых æмæ сæрæндзинадæй хайджын лæппу, размæ чи тырна, ахæм адæймаг. Кæд бынтон æнахуыргонд дæн, уæддæр æй æмбарын, ахуыры дæр афтæ кæй у, уый. Хорз куы ахуыр кæнай, уæд бирæ цыдæртæ бафтдзæни дæ къухы. Зивæджы амæттаг куы фæуай, уæд сахуыр кæнын нæ бафæраздзынæ, æмæ дæ фæндаг — фæстæмæ хъæумæ. Мах хуызæн райсдзынæ къæпи æмæ цæвæг...Фæлæ цыфæнды хуызы куы уа дæ хъысмæт, уæддæр дæ зæрдыл дар: дæ фыд, нæ зынаргъ Алæг, у æцæг фæллойгæнæг, æнæхъæн районы раззагдæр колхозонтæй иу. Раззаг колхозон цы у, уый иууылдæр хорз æмбарæм...Уæдæ Дзотты Алæджы фырт цæмæн хъуамæ уа искæмæй цауддæр?

* * *

Лазæры зæрдæмæ тынг цыди литературæ. Фылдæр-фылдæр цин ын лæвæрдтой йæ уарзон фыссæг Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгætæ. Йæ хистæр æфсымæр Муртаз ын сæ арæх касти. Скъоламæ дæр нæма ауад, афтæ-иу, бæгуылæгау, схъæл слæууыд æмæ райдыдта:

Гино, гино, гис!
Иу гæды нæм ис,
Хъарм фæлмæн кæрц дары,
Къонайыл хуыссы,
Аргъæуттæ мысы,
Хъал зæрдæйæ зары...

Хистæр кълæсты куы уыдис, уæд, æнæ чиныгмæ кæсгæйæ, зыдта Пушкины роман "Евгений Онегин". Достоевскийы фыстыты уæлхъус бирæ æхсæвты фæбадтис æнафонтæм. Фæлæ цымыдис лæппуйы зæрдæмæ тынгдæр цыдис истори. Александр Невскийы, Александр Суворовы, Михаил Кутузовы хъæбатырдзинады æмæ историйы иннæ диссаджы хабæрттæ-иу куы дзырдта, уæдиу æм ахуыргæнджытæ æмæ йе 'мбæлттæ хъусынæй не 'фсæстысты. Уæд ахуыргæнджытæй чидæртæ Лазæрæн дзырдтой, цæмæй истори суыдаид йæ куысты нысан.

Дзоты-фырт Дзæуджыхъæумæ араст зæрдæрухсæй, ныфсджынæй. Ам базыдта, стыр æхсызгондзинад ын чи радта, ахæм хабар: дыууæ педагогон институты æмрæнхъ куыста ахуыргæнджытæ цæттæгæнæг дыууæазон институт дæр. "Дыууæ азы ацахуыр кæндзынæн, æмæ мæ диплом — мæ дзыппы, — фæлгъаудта йæ бæллицтæ. — Дипломимæ нæхи скъолайы балæудзынæн. Цы диссаг, цы хорз уыдзæни, мæхи скъолайы ахуыргæнæг куы суон, уæд!" Йæ гæххæттытæ балæвæрдта уыцы институтмæ.

Лазæр институты историон хайадмæ бацæуыны фæлварæнты райста иттæг хорз бæрæггæнæнтæ. Студент куы сси, уæд йæхæдæг дæр уый æнхъæл нæ уыдис, æмæ ахæм цымыдис æмæ дзырдарæхст разындзæни. Кæд иннæтæй уæлдай йæхи размæ никуы 'ппæрста, уæддæр æй уайтагъд бафиппайдтой ахуыргæнджытæ. Фыццаг ахуыры азы кæронмæ хæстæг æм йæхимæ фæдзырдта Ирыстоны зындгонд ахуыргонд, ССР Цæдисы историйы кафедрæйы сæргълæууæг Борис Скитский.

— Истори бирæ чи фæуарзы, уыцы фæсивæд мын æндæр ад фæкæнынц, — загъта Скитский. — Æхсызгон мын у, æмбал Дзоты-фырт, ды дæр уыдонæй кæй разындтæ, уый. Фæлæ мæ цы зæгъын фæнды? Дæ зæрдыл дар ахæм хъуыддаг: истори æрмæст дисы æфтауæг предмет нæу. Уый у тынг арф æмæ бирæвæрсыг наукæ. Ды йæм хъуамæ ахæм цæстæй кæсай. Ам каст куы фæуай, уæд бацу педагогон институтмæ. Уым та хъуамæ наукæмæ де 'ргом аздахай. Кæд дæ фæнды, уæд дæ æз ныртæккæ дæр бакæндзынæн педагогон институты историйы наукон къордмæ. Уым курдиатджын лæппутæ тынг хъæуынц. Уый — иу. Иннæмæй та, къорды куысты архайгæйæ, историйы ад хуыздæр бамбардзынæ, фæцалх уыдзынæ наукон-иртасæн куыстыл...Истори диссаджы наукæ у. Алы адæмæн дæр дæтты йæ царды ивгъуыд бонты нывтæ. Разæнгард æй кæны фидæны хорз хъуыддæгтæм. Фæлæ нырма бирæ ис æнæсгæрст фарстатæ. Райсæм-ма, æмбал Дзоты-фырт, дæхи райгуырæн хъæу Дур-Дур. Ирыстоны зæронддæр хъæутæй у, æмæ дзы цы зонæм? Ардыгæй рацыдысты Тугъанты Батырбег æмæ Мухарбег, паддзахы æфсады цалдæр инæлары...Искуы хъуамæ афтæ зæгъæм, ардыгæй рацыди зындгонд æмæ кадджын лæг Дзотты Лазæр, ахуыргонд-историк, зæгъгæ.

Лазæр кæд йæ зондджын хистæры ныхæстæм лæмбынæг хъуыста, уæддæр æм уыдис æндæр фæндтæ: диплом райсын æмæ йе схъомылгæнæг скъолайы историйы ахуыргæнæгæй кусын райдайын.

Лазæрæн куыддæр йæ диплом йæхирдыгæй фæцис, афтæ Дур-Дуры балæууыди. Дыууæ азы размæ зæрдæрухсæй цы скъолайæ фæхицæн, уый къæсæрæй бахызти ноджы зæрдæрухсдæрæй. Директор Хуыдæлты Иласы, æппæт ахуыргæнджыты цинæн ма кæрон кæм уыдис. Илас ын йæхи сахæттæй радта. Лазæр уайтагъд йæ хъусты онг куысты аныгъуылд. Йæ уроктæ сывæллæттæн тынг фæадджын сты. Уыдон-иу, сæ улæфт басабыр кæнгæйæ, хъуыстой йæ ныхасмæ. Сæ цæстытыл-иу уадысты бирæ æнусты размæйы цаутæ, цардæгасау сæм кастысты фыдæлтыккон дуджы хъæбатыртæ. Уæдæ-иу советон дуджы историйæ истæй тыххæй куы дзырдта, уæд-иу йæ цæстытæ цæхæртæ калдтой. Уæлдай адджындæр ын уыди нæ бæстæйы революцион змæлды, Цытджын Октябры социалистон революци æмæ мидбæстон хæсты темæ. Йæ руаджы кæстæртæ историмæ афтæ фемхиц сты, æмæ, скъолайы историуарзджыты къорд куы саразта, уæд ахуырдзаутæ уырдæм ныххæррæтт ластой.

О, Лазæр йæ куысты артау сыгъдис, æмæ йæ зæрдæйы хъарм æппæт сывæллæттæн дæр ныфсы хос уыди. Фæлæ уыцы кары лæппумæ цынæ хуызы бæллицтæ фæзыны! Уый дæр бæллицты уацары цас тынгдæр хауд, уыйас æм афтæ касти, цыма ам, йæхи хъæуы, йæ авналæнтæ æгæр къуындæг уыдысты.

* * *

Лазæры хистæр æфсымæр Муртаз Сырх Æфсады рæнхъыты фыста йæ кадджын хæс. Афицер. Йæ разамынды цæсты нымад лæг. Йæ хорз службæйы тыххæй йыл йæ хистæртæй арфæйы ныхас бирæ хæттыты сæмбæлд. Æмгъуыдæй раздæр ын радтой хистæр лейтенанты цин. Уыцы цины хабар сæмбæлд йæ хиуæттыл æмæ йæ уыдон сæрыстырæй дзырдтой æгас хъæуæн дæр. Лазæрæн зæххы цъарыл Муртазæй кадджындæр адæймаг нæ уыд. Æрмæст йæ коймæ дæр-иу ыл базыртæ базадис.

Мин фараст сæдæ цыппорæм азы майы райдайæны йæм арвыста фыстæг:

"Дæ бонтæ хорз уæнт, мæ зынаргъ æфсымæр. Мах иууылдæр дзæбæх стæм. Ды дæр дзæбæх кæй дæ, уый зонæм дæ фыстæджытæй. Дæ кадджын хъуыддæгтæй нæ сæртæ бæрзæндты хæссæм. Уæлдайдæр та дæ фыдмæ куы бакæсис, куы! Дæ кой арæх вæййы нæ хъæуы. Уыдæттыл бирæ нæ дзурдзынæн, фæлæ дын цы зæгъынмæ хъавын, уый зоныс? Иу хъуыддаджы мæ де 'ххуыс тынг æхсызгон бахъуыди. Цы у, уый дын зæгъдзынæн. Æвæццæгæн, бакастæ фæскомцæдисы Центрон Комитеты сидт фæскомцæдисонтæ æмæ æнæцæдисон фæсивæдмæ, нæ бæстæйы цæгатаг æмæ скæсæйнаг районты æрдзон хъæздыгдзинæдтæ цардмæ рахæссынил тохы цæмæй бацæуой, уый тыххæй. Фæсивæд Дард Цæгатмæ куыд ахæцыдысты, уый тыххæй нæ газеттæ цас фыссынц, уый дæхæдæг дæр кæсыс, кæй зæгъын æй хъæуы. Диссаг сты, æвæдза, советон лæппутæ æмæ чызджытæ! Мæн дæр тынг фæнды уыцы стыр хъуыддаджы архайæг суæвын. Суанг ма дзы мæхицæн замманай бынат дæр ссардтон Печорæйы паддзахадон наулæууæны.

Мæхæдæг дæр дзæбæх не 'мбарын, цæмæн афтæ у, уый, фæлæ мæ фынты дæр уым балæууын. Цалдæр боны размæ æцæгдæр диссаджы фын федтон. Афтæ мæм фæкасти, цыма Коми АССР у нæ цæхæрадоны æмарæн, æмæ нæ мад Уæлинкæ ныллæууыди, цæмæй йæ махæн радтаиккой. Фæлæ йæм нæ сыхæгтæй чидæр, мæнмæ гæсгæ, Азаутæ, фæраздæр сты. Куы райхъал дæн, уæд ноджы фидардæр сси мæ фæнд: æнæцæугæ мын нæй. Уыцы хъæдджын æмæ хæзнаджын зæххытæ нæхи 'рдæм фæкæнæм!!! (Хъæрæй ма ныххуд!!!). Фæлæ нæ мад, нæ фыд, нæ хотæ мæ ныхмæ ныллæууыдысты. Кой дæр æй нæ уадзынц. Чызджытæ ма хаттæн фæтасынц, фæлæ, æвæццæгæн, хистæртæй æфсæрмы кæнынц æмæ та уайтагъд уыдоны гуылы бын æндзарын райдайынц. Уæлдай карздæр у нæ фыд. "Кой дæр æй мауал скæн!" — æмæ ууыл йæ ныхас фæвæййы. Хадзырæты дæр ма мыл ныццардыдта, æмæ мын уый дæр мæ ных къуыры. Æмæ махæн Хадзырæты ныхас цы у, уый дæхæдæг мæнæй хуыздæр зоныс.

Курын дæ, Муртаз, мæн тыххæй дæ ныхас баппар. Хадзырæтмæ дæр хицæнæй ныффысс. Бамбарын ма сын кæн, авдæны сывæллон кæй нал дæн, уый. Ды сæ куы нæ фæтасын кæнай, уæд ничи. Куыд гæнæн ис, афтæ фæтагъд кæн".

Мæхæмæттæ æмæ Дзотты 'хсæн уыди фидар хæстæгдзинад. Алæджы хо Мария уыди Хадзырæты чындз, йæ кæстæр æфсымæр Къæболæйы бинойнаг. Уымæ гæсгæ йæ ныхас тынг цыди Дзотты мыггаджы астæу. Лазæры зæрдæ худти Хадзырæтыл, йæ фарс кæй нæ фæцис, ууый тыххæй.

Лазæр хъуыддагæн йæ хъавæн раст ссардта: Муртазы фыстæг уайтагъд схæццæ, æмæ ныййарджытæ лауызвæлдæхт фесты. Хадзырæт дæр куыддæртæ-цыдæртæй фæфæлмæн. Алæг æмæ Уæлинкæйæн загъта, цæмæй лæппуйæн дард балцы ацæуыны бар радтаиккой. О, иугæр Муртазы фæнды, иугæр Мæхæмæтыфырт дæр иннæрдæм фæцис, уæд мад æмæ фыд дыууæ нал загътой.

Æмæ цалдæр боны фæстæ Лазæр скъолайæн хæрзбон загъта. Ахуыргæнджытæн дæр хъыг уыди, фæлæ ахуырдзаутæ та бынтон зæрдæхæлд фесты уыцы хабарæй. Бинонтæ дæр кæд бынтон разы нæ уыдысты, уæддæр цæстуарзонæй фæндараст загътой Лазæрæн. Лазæр хъæусоветмæ Хадзырæтæн хæрзбон зæгъынмæ куы бауад, уæд ын уый радзырдта, райдайæны Алæг æмæ Уæлинкæйы куырдиаты ныхмæ ныллæууын йæ бон кæй нæ бацис, æмæ Лазæры фарс уый тыххæй кæй нæ фæлæууыд. Фæстагмæ, лæппуйы йæ хъарм хъæбысы бакæнгæйæ, загъта:

— Цæуыс дард балцы...Тынг даргъ у дæ фæндаг, æмæ дын амондджын фæуæд. Макуы дæ ферох уæд, дæ фыд йæ худ йæ сæры тенкайыл куыд бæрзондæй дары, уый. Хъуамæ йын дæу тыххæй макуы фæкъул уа. Де 'фсымæр Муртаз куыд лæг у, уый дæр уыныс. Уый сæр дæр нымай. Нæ хъæу æгад никуы уыдис, æмæ йын йæ кадыл æфтау. Кæдæм цæуыс, уыцы бынæтты тыххæй чингуытæм æркæстытæ кодтон, — диссæгтæ дзы фыссынц. Тынг хъæздыг сты. Фæлæ, дам, дзы æрдз тынг тызмæг у, уазал, æнæхатыр...Цæмæй, мæ хур, уым кусай, уымæн стыр лæгдзинад хъæуы...Фæлæ ды фæйнæгфарс дæ, æмæ цыфæнды зынæн дæр кæй бафæраздзынæ, уый мæ уырны. Уастырджийы уазæг у, мæ къона...

Лазæр йæ сæры тылд æмæ фæлмæн мидбылтыхудтæй разыйы дзуапп лæвæрдта йæ уарзон хистæрæн...Ахæм фæлмæн æмæ уарзон ныхæстæй ради йе 'рыгон зæрдæ. Æмæ кæд уæлæмæ ницы дзырдта, уæддæр мидæгæй та байдзаг рухс хъуыдытæ æмæ фæндтæй.

***(Уыдзæн ма)***

## Спортивон фидиуæг



### Футбол

# "Аланыстон" – æртыккаг бынаты

**Уæрæсейы Фыццаг къорды футболон чемпионат фæхæццæ кæны йæ кæронмæ.**

Ивгъуыд майрæмбон æмæ сабаты командæтæ акодтой сæ 33-æм хъæзтытæ, æмæ ма сын уый фæстæ баззад æрмæстдæр фæйнæ иу фембæлды.

Дзæуджыхъæуы "Аланыстон" 26 майы Грозныйы сæйраг стадион "Ахмат-Аренæ"-йы фембæлд Калининграды командæ "Балтикæ"-имæ. Фыццаг зылды Калининграды сæ фембæлд ахицæн "Балтикæ"-йы пайдайæн 2:1 хыгъдæй, æмæ ныр алайнæгтæ тырнындтой сæ хæс райсынмæ.

Грозныйы нæ командæйы рæнхъыты уыдысты: № 1 — **Ростислав Солдатенко**, № 15 — **Хъоцыты Хетæг**, № 57 — **Плиты Константин**, № 19 — **Бутаты Аллон**, № 4 — **Хъæцмæзты Сослан** (73' — **Цоциты Алан** № 11), № 7 — **Гуырцъыты Батрадз** (68' — **Багаты Алан** № 5), № 22 — **Цæрæгты Алан** (82' — **Дзæхаты Давид** № 17), № 20 — **Артур Галоян** (68' — **Ислам Машуков** № 14), № 93 — **Заур Тарба** (82' — **Андрей Мазурин** № 78), № 99 — **Николай Гиоргобиани**.

"Балтикæ"-йы рæнхъыты уыцы бон уыдысты: № 1 — **Евгений Латышонок**, №3 — **Кирилл Маляров**, № 26 — **Никола Радмановац**, № 23 — **Александр Гуцко**, № 17 — **Эдуард Велиахметов** (66' — **Дудиаты Аслан** № 8), № 10 — **Ян Казаев** (73' — **Тигран Аванесян** № 20) № 19 — **Сергей Пряхин**, № 5 — **Александр Осипов**, № 89 — **Владислав Лазарев** (73' — **Кирилл Фольмер** № 7), № 22 — **Тамерлан Мусаев** (80' — **Гоча Гогричиани** № 14), № 9 — **Гедеон Гузина** (66' — **Дмитрий Быков** № 11).

Хъазты фыццаг æмбисы алайнæгтæ дыууæ хатты иттæг хорз спайда кодтой сæ гæнæнтæй, æмæ сын бантыст "Балтикæ"-йы дуары дыууæ голы бакъуырын. Уыимæ, дыууæ хатты дæр дзæуджыхъæуккæгтæ равдыстой рæсугъд техникон цæттæдзинад. Фыццаг 4-æм минутыл фесгуыхт Гуырцъыты Батрадз. Алайнæгтæ "Балтикæ"-йы иварон фæзмæ куы бабырстой, уæд пурти йæ сæрæй уазджыты хызыл Батрадз сæмбæлын кодта, æмæ "Аланыстон" 1:0-æй размæ рацыд. "Балтикæ"-йы хъазджытæ уый фæстæ атындзыдтой размæ, фæлæ та 13-æм минутыл алайнæгтæ ацарæзтой æвиппайды ныббырст, æмæ уыцы ныббырстæн рæсугъд кæронбæттæн скодта Артур Галоян. Йæ æнæрæдигæ цæфы фæстæ пурти батахт уазджыты хызы.

Хъазты дыккаг æмбисы дыууæ командæйы разындысты æмдых. Иу ныббырст ивта иннæйы, афтæмæй дыууæ командæйы дæр тырныдтой хыгъд раивынмæ. 58-æм минутыл уазджытæ фысимты иварон фæзмæ пурти хæрдты куы æрбалæвæрдтой, уæд сæ размæбырсæг Гедеон Гузина цырд хъазт акодта æмæ та, афтæ уазджыты иварон фæзы дæсны хъазт акодта Ислам Машуков æмæ пурти "Балтикæ"-йы дуаргæс Евгений Латышонокы сæрты рæсугъд æрвыст бакодта дуары хызмæ. Хъазт ахицæн 3:1 хыгъдæй "Аланыстон"-ы пайдайæн æмæ ныр, фæстаг хъазт цавæрфæнды хыгъдтимæ дæр куы ахицæн уа, уæддæр "Аланыстон"



мæ, æмæ хыгъд ссис 2:0 "Аланыстон"-ы пайдайæн. Калининградæгтæ уый фæстæ зæрдиагæй архайдтой хъазты цыд сæхи пайдайæн рацаразынил, фæлæ алайнæгтæ уыдысты къæрцхъус æмæ сæ дуармæ бацæуæнтæ фыдбылызæй бахъахъхъæдтой фыццаг таймы кæронмæ.

Хъазты дыккаг æмбисы дыууæ командæйы разындысты æмдых... пурти "Аланыстон"-ы дуаргæсы фæрсты хызыл сæмбæлын кодта. Хыгъд ссис 2:1, æмæ та хъазты цыд ноджы фæхъазуатондæр. "Балтикæ" тырнындта размæ, фæлæ фысимтæ дæр агуырдтой размæ бырсыны фадæттæ. Хъазт йæ кæронмæ куы фæцæйхæццæ кодта, афтæ уазджыты иварон фæзы дæсны хъазт акодта Ислам Машуков æмæ пурти "Балтикæ"-йы дуаргæс Евгений Латышонокы сæрты рæсугъд æрвыст бакодта дуары хызмæ. Хъазт ахицæн 3:1 хыгъдæй "Аланыстон"-ы пайдайæн æмæ ныр, фæстаг хъазт цавæрфæнды хыгъдтимæ дæр куы ахицæн уа, уæддæр "Аланыстон" бацахста 3-аг бынат. 1-аг бынаты баззайдзæн Хъазаны командæ "Рубин", 2-аг бынат та бацахста "Балтикæ". Ацы дыууæ командæйы ныр хъæздзысты Уæрæсейы уæлдæр къорды (премьер-лигæйы) чемпионаты. Уырдæм ма тырндзысты "Аланыстон" æмæ Красноярскы "Енисей" æвзарæн фембæлдты фæрцы. Уыцы хъæзтытæ кæд æмæ кæимæ уыдзысты, уый сбæлвырд уыдзæн дæс боны фæстæ.

| Командæтæ | Хъ | Р | Æ | Х | П | О |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. Рубин | 33 | 19 | 11 | 3 | 53-27 | 68 |
| 2. Балтикæ | 33 | 17 | 13 | 3 | 54-29 | 64 |
| **3. Аланыстон** | **33** | **16** | **11** | **6** | **54-34** | **59** |
| 4. Енисей | 33 | 13 | 14 | 6 | 43-35 | 53 |
| 5. Родинæ | 33 | 13 | 10 | 10 | 42-38 | 49 |
| 6. Динамо (Махачкала) | 33 | 12 | 10 | 11 | 24-27 | 46 |
| 7. Шинник | 33 | 13 | 7 | 13 | 36-37 | 46 |
| 8. Волгар | 33 | 11 | 11 | 11 | 37-37 | 44 |
| 9. Нефтехимик | 33 | 11 | 11 | 11 | 32-33 | 44 |
| 10. Акрон | 33 | 9 | 16 | 8 | 34-36 | 43 |
| 11. СКА-Хабаровск | 33 | 10 | 11 | 12 | 44-39 | 41 |
| 12. КамАЗ | 33 | 11 | 11 | 11 | 35-34 | 41 |
| 13. Арсенал | 33 | 11 | 8 | 14 | 37-40 | 41 |
| 14. Хъубан | 33 | 8 | 10 | 15 | 34-40 | 34 |
| 15. Велес | 33 | 9 | 6 | 18 | 34-53 | 33 |
| 16. Уфа | 33 | 8 | 8 | 17 | 34-44 | 32 |
| 17. Волгæ | 33 | 6 | 11 | 16 | 23-41 | 29 |
| 18. Краснодар-2 | 33 | 7 | 7 | 19 | 28-54 | 28 |

33-æм туры командæты фембæлдтытæ ахицæн сты ахæм хыгъдтимæ: "Волгар" — "Краснодар-2" — 0:3, "Аланыстон" — "Балтикæ" — 3:1, "Шинник" — "СКА-Хабаровск" — 1:0, "Волгæ — Ульяновск" — "Родинæ" — 0:1, "ПФК-Хъубан" — "Енисей" — 0:2, "Нефтехимик" — УФА" — 2:0, "Рубин" — "Динамо-Махачкала" — 2:0, "Арсенал-Тула" — "КамАЗ" — 0:1, "Велес-Москва" — "Акрон" — 1:2.

"Аланыстон" 34-æм туры, 2 июны уазæгуаты фембæлдзæн "Динамо-Махачкала"-имæ.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Æхсæнад

# Зонындзинæдты ерыстæ

**Дзæуджыхъæуы парк "Сапицкая будкæ"-йы фæзуатыл ацыдысты зонындзинæдтæ рабæрæг кæныны фæдыл историон-патриотон хъæзтытæ "Цытджын Уæлахиз нæ зæрдæты".**

Уæрæсейаг æфсæддон-патриотон æхсæнады цæгатирыстойнаг хайад Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Уæлахизы кадæн фадæттæ кæмæн саразта, уыцы хъæзтыты архайдтой горæты ахуыргæнæндætты фондз командæйы.

Амынд регионалон хайады разамонæг **Бæгъиаты Алан** Уæрæсе æмæ Цæгат Ирыстоны гимнты ацагъдæй райдайæг историон-патриотон хъæзтыты архайджытæн раарфæ кодта. Бæгъиайы-фырт Уæрæсейаг æфсæддон-патриотон æхсæнады сæрдар **Владимир Мединскийы** номæй историон-патриотон хъæзтыты архайыны фæнд скæнæг фæсивæдæн бузныг загъта. Хъæзтыты архайджытæ райдиан æфсæддон цæттæкæнынады фæдыл иумæйаг домæнтимæ баст хæслæвæрдтæ баххæст кодтой, стæй Фыдыбæстæйы Стыр хæсты темæйыл фарстытæн дзуаппытæ лæвæрдтой.

Ерысты фæуæлахиз Дзæуджыхъæуы полиграфон колледжы командæ.

**Нæ уацхæссæг**

## Барад

# Æхца адавтой

**Вирусы ныхмæ программæ чырæг телефоны сæвæрыны æфсонæй Цæгат Ирыстоны рабæрæг цæстфæлдахæндзинады ног хуыз.**

Зæгъæм, æбæрæг нæлгоймаг 51-аздзыд дзæуджыхъæуккаг сылгоймагæн, телефонæй йæм фæдзургæйæ, загъта: "Æз дæн банчы кусæг æмæ дын хъусин кæнын: хуыснæджытæ дын дæ хыгъдтæй æхца адавын фæлварынц". Банчы картæйы сусæггаг бæрæггæнæнтæ фехъусын кæныны хуымæтæджы домæны бæсты нæлгоймаг сылгоймагæн бахаста вирусы ныхмæ æбæрæг программæ телефонмæ раивыны фæндон (телефонæй дзурæг нæлгоймаг сылгоймагæн программæйы ном фехъусын кодта).

Сылгоймаджы телефоны чи ис, цæстфæлдахджытæн æппæт уыцы бæрæггæнæнтæй пайда кæныны фадат кæмæй уыд, хъахъхъæнæг авналæны бæсты хъыгдардбайиафæг сылгоймаг йæ телефонмæ раивта дæрддзæгмæ пайдакæнынады ахæм программæ, æмæ, сылгоймаджы банчы картæты цы уыд, фыдгæнджытæ йын 64 мин сомы бæрц йе 'ппæт уыцы æхцатæ адавтой.

Амынд цауыл Уголовон кодексы 159 статьямæ ("Цæстфæлдахæн ми") гæсгæ саразтæуыд уголовон хъуыддаг.

Пъæлицæйы кусджытæ адæмæн фæдзæхсынц нæзонгæ адæймæгтимæ ныхас кæныны рæстæг къæрцхъус уæвын æмæ телефоны æвæрд æппæт интернет-программæтæм цæст лæмбынæг дарын.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ**

## Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

# Æнусы æмбай

Æвæццæгæн, зæххыл ахæм тых, ахæм уды сконд нæй, æмæ сылгоймагимæ кæй ис абарæн. Нæ фыдæлтæ-иу афтæ дзырдтой: "Хорз сылгоймаг — хæдзары зæд!" Уыцы ныхæстæ мæм тынг раст кæсынц. Сылгоймаджы лæггæдтæн аргъ нæй. Уый у цардддæттæг, фæлмæн ныййарæг мад, Нарты Сатанайау — бæркадкъух æфсин. Уый хъахъхъæны, цæсты гагуыйау, йæ бинонты амонд, ауды йæ уарзон адæмыл. Ирон адæм рагæй фæстæмæ кувынц сылгоймаг-бардуагмæ — Мады-Майрæммæ, курынц дзы цот, фæдзæхсынц сæ хъæбулты. Тынг бирæ рæсугъд, зæрдæмæдзæугæ ныхæстæ ис зæгъæн сылгоймаджы тыххæй. Йæ рæсугъддзинад æмæ аивдзинад абарæн ис æрмæстдæр уалдзæгимæ, хуримæ. Æнæ уалдзæг, æнæ сылгоймаг нæй цард, нæй рæсугъд фидæн нæдæр æрдзæн, нæдæр æрдзы фидауц — адæймагæн. Сылгоймагæй фидауы хæдзар, йæ цард баст у ирон æгъдауимæ.

Ацы ныхæстæ иууылдæр хауынц Моргуаты-Бæтæгаты Ахмæты чызг Тамарæмæ, кæцыйыл 30 майы æххæст кæны 100 азы. Тамарæ у уарзон, уæздан, куырыхон сылгоймаг. Йæ цард баст у ирон æгъдау æмæ æфсармимæ. Йæ алы ныхас, йæ алы фæзылд, суанг йæ дарæсы конд дæр уыдысты æмæ сты ирон æгъдауы фæлгæсты. "Цардæн йæ хъæздыгмæ ма бабæл, фæлæ — йе 'гъдаумæ", афтæ дзуры кæстæр фæлтæрæн Тамарæ, фæдзуры сын ирон æгъдау æмæ 'фсармыл. Æгъдау цард мидисджындæр кæны, уæлдайдæр, рæсугъд адæймагдзинад йыл æфтыд куы уа, уæд.

Иу ныхасæй, хæрзхуымæтæг, фæлæ æрхъуыдыджын у Тамарæ. "Амæндтæ уарæг Хуыцау у!" — фæзæгъынц ирон адæм. Зæгъæн ис афтæ, æмæ Тамарæ Дуне Сфæлдисæгæн у адджын адæймаг, æмæ йын уымæн



радта ахæм цæрæнбон, цæмæй 100 азы сæрты ахиза!"

Афтæ зæгъæн нæй, æмæ зындзинæдтæ нæ баййæфта, тынг бирæ. Æмæ æз уыдоны кой нæ кæндзынæн, фæлæ авд азы размæ бахаудис рынчындонмæ, хæдзары фæкалд æмæ син асаста. Уыцы ас адæймагæн зын уыди кæрдты бын æрхуыссын, фæлæ Тамарæ бахаудис Хуыцауы уарзон адæймагмæ — дохтырмæ Калоты Сосланмæ. Уый йæ фæлмæн бахудт æмæ уæздан ныхæстæй фæсырдта Тамарæйæн йæ тарст, зæгъæн ис, æмæ йæ рыст дæр нал æмбæрста. Гъе афтæмæй æрыгон дохтыр-хирург Сослан скодта операци, кæцы фæрæстмæ ис. Æз ын мæхи номæй зæрдиаг арфæ кæнын, рæсугъдæй, амондджынæй кусæд адæмы сæраппонд.

Арфæ ма кæнын Мырыккаты Валерийæн, Хъайырты Иринæйæн, уыдон дæр сты дохтыртæ, абон дæр ма æртæйæ дæр Иринæ, Сослан æмæ Валери нæ рох кæнынц Тамарæйы, алы бæрæгбоны дæр æй бабæрæг кæнынц.

Рæсугъдæй, амондджынæй сæ къухы тых фæрнæй хæрæнт дзуæртты фæдзæхст уæнт!"

Хуыцау зæгъæд, æмæ нæм ахæм дохтыртæ фылдæр куыд уа, кæцыты фæлмæн ныхасæй рынчынтæн вæййы æнцон.

Тамарæ схаста иунæг хъæбул, уый разынди арфæйаг, кæцы абоны онг æмбары йæ ныййарæджы хъынцъым. Кæд искуы исчи бафыста ныййарæджы фыдæбон, уæд уый у Тамарæйы хъæбул, æмæ сын Хуыцау раарфæ кæнæд, рæсугъдæй, зæрдæрухсæй сæ цæрæнбонтæ æрвитæнт, кæрæдзийæн аргъ кæнгæйæ. Тамарæ фæзæгъы афтæ, кæмдæр царды фæндагыл акæсын дæр хъæуы, акæс дæ царды фæндагмæ, кæуылты рацыдтæ æмæ фендзынæ, кæуыл сæмбæлдтæ, фæндаг дын чи радта, арфæ дын чи ракодта, уыдон се 'ппæт дæр адæймагæн сты йæ хæрзгæнджытæ. Гъе, ахæм хъуыдытимæ, ахæм зондахастимæ Тамарæйæн Хуыцау балæвар кодта ахæм цæрæнбон.

Тамарæ, мæ зæрдæ дын зæгъы рæсугъд æмæ арфæйаг цард, амондджын уæд уæ къона. Хохæй быдырмæ цы дзуæрттæ ис, уыдон дын раарфæ кæнæнт мæ бæсты æмæ дæ гыццыл бинонты къордæн.

Мæ сæрæй дын ныллæг кувын!

**Ацы зæрдиаг арфæтæ дын кæны, бирæ дæ чи уарзы, уыцы хæрæфырт Абадийы чызг Зарæ**

# Мадæлон æвзаг хъахъхъæд цæуæд

Ирон æвзаг нæ рагфыдæлтæй базайгæ хæзна у. Уый у дунейы рагондæр æвзæгтæй иу. Не 'взаг у нæ адæмы истори. Дунейы адæмтæ нæ уымæ гæсгæ зонынц, алантæ, скифтæ æмæ сæрмæтты байзæддæгтæ кæй стæм, уый. Не 'взаг куы нæуал уа, уæд мах дæр, куыд адæмыхатт, афтæ фесæфдзыстæм. Æмæ уый хъуыдыйаг у абон! Хъуамæ æппæт мадзæлттæ дæр саразæм, æмæ уыцы бæллæхæй нæхи бахизæм. Мах Дзæуджыхъæуы скъола "Эрудиты" архайæм, цæмæй сывæллæттæ зоной æмæ уарзой сæ мадæлон æвзаг, нæ адæмы истори æмæ рæсугъд традицитæ. Алы ирон бинонтæй дæр курæм, цæмæй сæ хæдзæртты сæ кæстæртимæ фылдæр иронау дзурой. Кæсут сын ирон æвзагыл фыст чингуытæ. Хъуамæ алы ирон хæдзар дæр рафысса газет "Рæстдзинад". Уæдæ, цас цымыдисаг æрмæг æмæ куыд рæсугъд ахорæнтæй нывæфтыд вæййы республикон сывæллæтты журнал "Ногдзау!"



Æнусæй-æнусмæ, алы рæтты цæугæйæ, ирон адæмæн уыдис бирæ алыхуызон сыхæгтæ. Уымæ гæсгæ не 'взаг хъæздыгдæр кодта, æфтыд ыл ног дзырдтæ, ссис бирæвæрсыг æмæ къабазджын.

Æвзаг у адæмы хъуыдыйы хотых, мадзал, культурæйы хæзнаты цыртдзæвæн. Æмæ, цас хъæздыгдæр уа, цас хуыздæр таса адæймаджы домæнтæм гæсгæ, уыйас хуыздæр æххæст кæны йæ социалон хæстæ.

Нæ зындгонд ахуыргонд Абайты Васо ирон æвзаджы хъысмæты тыххæй афтæ дзырдта:

— Бинонтæ сæ мидастæу иронау куы дзурой, уæд ын фесæфынæй тас нæу. Фæлæ, хъыгагæн, бирæтæ ирон æвзаг сæ сæрмæ нал хæссынц. Ахæм адæймаг у æнæфенд, цыбыр зонды хицау. Йе 'взагыл былысчъил, уæлæхох чи кæны, уымæй хорз адæймаг никуы рауайдзæн, уымæ хорз фидæн не 'нхъæлмæ кæсы.

Адæймаг цал æвзаджы зона, уал хатты адæймаг у. Фæлæ, цасфæнды æвзæгтæ ма базонæм, уæддæр сæ бындурон хъомыс вæййы мадæлон æвзаг.

**ГÆЗДÆНТЫ Еленæ, Дзæуджыхъæуы скъола "Эрудит"-ы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг**

## Аудындзинад

# Не 'мзæххонтæн — æххуыс

**Козаты Станислав кæй аивадон разамонæг у, цалдæр азы дæргъы уыцы ансамбл "Хæхты сывæллæттæ"-йы æвзонг кафджытæ Цæгат Ирыстонæн кад кæнынц.**

**Ацы хатт, хæрзаудæн концерт равдисгæйæ, æппæтуæрæсеон æмæ дунеон конкурсты уæлахиздзау ансамблы уæнгтæ хæсты архайæг не 'мзæххонтæн баххуыс кæныны фæнд скодтой. Æвзонг кафджытæ хæрзаудæн концерты фæрцы æмбырдгонд 100 мин сомы бæрц æхца барвыстой проект "Адæмон фронт. Алцы — уæлахизæн!"-ы фондмæ.**

***Нæ уацхæссæг***



## Аивад

# Балетон равдыст

**Цæгат Ирыстон-Аланийы Оперæ æмæ балеты Мариинаг театры филиалы сценæйыл уыд мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты фæрæзты минæвæрттæн балетон спектакл "Солярис.2"-ы сæрмагондæй равдыст.**

Балеты спектакл сæвæрдта **Юрий Смекалов**, уый хорзæхджынгонд у Уæрæсейы национ театралон премийы "Золотая маска"-йæ, Бетъырбухы уæлдæр театралон преми "Золотой софит"-æй, дунеон ерысты лауреат æмæ Мариинаг театры балетон труппæйы архайæг.

— Мах фæндыд, цæмæй адæймаг фена йæхицæн цыдæр уæлдай цымыдисаг миниуджытæ, хъуыдытæ. Абон Мариинаг театры филиалы труппæимæ уын равдыстам ацы спектакл æмæ дзы, мæнмæ гæсгæ, рауад цыдæр ног куыст, кæцыйы мæм сæвзæрд ног æнкъарæнтæ æмæ хъуыдытæ, æрмæст мæнмæ нæ, фæлæ ма, спектакл чи федта, уыдонмæ дæр, — загъта Юрий Смекалов.

Равдыст "Солярис.2" у ног балетон спектакл "Солярис"-ы хуыз, арæзт æрцыд 2018 азы Юрий Смекаловы аивадон иугонд "M.A.D. Company" æмæ театр "Приют комедианта"-йы хъæппæрисæй.

Мариинаг театры разамонджыты хъæппæрисæй спектакл "Солярис"-ы хореографион сконд бахъахъхъæдтой æмæ йæ Дзæуджыхъæуы театры сценæмæ рахастой, ацы зын технологион спектакл бахастой филиалы репертуармæ, ам балетон труппæйы ис тынг арæхстджын æмæ курдиатджын архайджытæ.

Йæ мидис ис уый мидæг ис, æмæ дзы цæуы дарддæры хъуыды: адæймаг æнусæй-æнусмæ агуры йæ райдайæн æмæ уæлдæр зонд. Хореограф Юрий Смекалов Станислав Лемы фантастикон роман "Солярис"-ы æмæ Нарты кадджыты 'хсæн ссардта бастдзинæдтæ.

**ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Производжу профессиональную обрезку плодовых деревьев. Работает профессионал. Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).

Ремонт стиральных машин и холодильников. ТЕЛ.: 8-988-835-55-50 (Азамат); 8-963-377-80-00 (Борис).

Газет "Рæстдзинад"-ы кусджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц се 'мкусæг Хъойбайты-Гæбуаты Галинæйæн йе 'фсин

**ТАДЕТЫ-ХЪОЙБАЙТЫ Батырбеджы чызг Айсæдо**

кæй амард, уый фæдыл.

Зиан рахæсдзысты 30 майы, дыццæджы, Дур-Дуры, Маяковскийы уынджы 17-æм хæдзарæй.

Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл университеты журналистикæйы факультет хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæны профессор, политикон наукæты доктор Хъойбайты Барисæн, йæ мад

**ТАДЕТЫ-ХЪОЙБАЙТЫ Батырбеджы чызг Айсæдо**

кæй амард, уый фæдыл.

Номыры радхæссæг редактор — **Гасанты Валери.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Халиты Изæ;** 3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;** 2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;** 3-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ырыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3446.
Заказ № 626.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**